

FÈY ENFÒMASYON



YON PUBLIKASYON ETA NOUYÒK
DIVIZYON LOJMAN AK RENOUVÈLMAN KOMINOTÈ
BIWO ADMINISTRASYON LWAYE

#20 Dwa Spesyal Moun ki Andikape

Entwodiksyon - Dwa Moun ki Andikape yo

Lwa a akòde pwoteksyon pou moun ki gen andikap ki abite nan lojman lwaye reglemante yo osijè pwoteksyon kont degèpisman ak egzansyon nan ogmantasyon lwaye yo. Pwoteksyon sa yo dekri anba.

Pwoteksyon kont degèpisman pou lokatè ki andikape yo

1. Yon mèt kay pa ka degèpi yon lokatè ki andikape oswa konjen yon lokatè ki andikape nan apatman lwaye stabilize yo nan NYC nan bi pou mèt kay la abite apatman an sof si mèt kay la bay yon apatman ekivalan oswa siperyè nan menm lwaye a oswa yon lwaye ki pi ba nan yon zòn ki toupre apatman aktyèl lokatè a.
2. Yon mèt kay pa ka degèpi yon lokatè ki andikape nan apatman lwaye stabilize yo andeyò NYC ak apatman lwaye kontwole yo nan tout eta akoz mèt kay la abite apatman an.

Pou rezon pwoteksyon sa yo, moun ki andikape yo se lokatè ak/oswa konjen lokatè ki gen yon andikap akoz yon kondisyon sikolojik oswa fizyolojik, anatomik ki demontre pa teknik medikal akseptab ak laboratwa dyagnostik e ki sipoze pèmanan, epi anpeche lokatè a angaje nan nenpòt travay sibstansyèl ki peye.

Pwoteksyon kont ogmantasyon lwaye pou lokatè ki andikape yo

DRIE nan Vil Nouyòk

Nan Vil Nouyòk, yon lokatè ki kalifye ka aplike, pou yon EGZANSYON NAN OGMANTASYON LWAYE POU LOKATÈ KI ANDIKAPE (DRIE). Lè yon benefisyè aktyèlman kite kay la nan fason pèmanan, yon manm fanmi ki rete ka depoze yon aplikasyon transfè pou detèmine kontinyasyon elijiblite.

Yo dwe nomen sou kontra lwaye a non aplikan an ki sou kontra lwaye reglemante a oswa apatman koperativ/kondominyòm (kote ipotèk la ye oswa li te deja asire anba seksyon 213 nan Lwa nasyonal sou Lojman).

Pou kalifye pou DRIE, yon apatman lwaye reglemante gen ladan apatman ki sijè a stabilizasyon lwaye, kontwòl lwaye, règleman Mitchell-Lama, ak Depatman Divizyon Pwogram Jesyon Alternativ Konsèvasyon Lojman ak Developman Vil Nouyòk [New York City Department of Housing Preservation and Development's Division of Alternative Management Programs (DAMP).]

Si yon lokatè kalifye pou pwogram sa a, lokatè sa egzante nan:

1. Gid pou pwochen ogmantasyon lwaye, ogmantasyon lwaye baz maksimòm, ogmantasyon ki baze sou difikilte ekonomik mèt kay la, oswa gwo amelyorasyon kapital. Men, lokatè a dwe peye nenpòt depo sekirite adisyonèl ki ta ka obligatwa kòm yon rezulta nan kalite ogmantasyon sa yo.
2. Lokatè yo kap resevwa yon Egzansyon pou ogmantasyon lwaye pou moun ki andikap yo (DRIE) ka chwazi yon renouvelman kontra lwaye pou youn oswa dezan.
3. Lokatè andikape NYC yo ka pote egzansyon sa tou de yon apatman a yon lòt lè lap demenaje, sou aplikasyon apwopriye ki te fèt nan Depatman Finans Vil Nouyòk, inite DRIE.
4. Rediksyon lwaye pou konvèsyon elektrik te apwouve pa DHCR nan kontè endividyle (kontè dirèk oswa sou-kontè), daprè Amandman Kòd Lwaye 2014 (RCA 2014). Depans pou elektrisite rete enkli nan lwaye a jiskaske benefisyè DRIE kite pozisyon 1. Mèt kay la toutfwa, gen otorizasyon pou enstale ekipman konvèsyon elektrik nan apatman an lè se yon benefisyè DRIE ki abite 1.

Elijiblite egzije ke kalite lokatè sa se yon benefisyè (oswa ansyen benefisyè, jan li dekri anba) sou benefis nan nenpòt pwogram ki annaprè yo:

- a) Asirans Andikap Sekirite Sosyal (SSDI) oswa Revni Sekirite Siplementè (SSI) daprè Lwa Federal sou Sekirite Sosyal;
- b) Depatman Afè Veteran nan Etazini bay Benefis konpansasyon Andikap oswa Pansyon pou moun ki gen andikap; oswa
- c) Benefis Asistans Medikal konfòmeman a Lwa Sosyal nan Eta Nouyòk, ak yon ansyen benefisyè nan SSDI oswa SSI.

Revni disponib total (pou tout manm yo nan fanmi an ki abite nan akomodasyon lojman kote chèf fanmi an se yon moun ki gen andikap) pou revni taks anyèl aplikab la pa ka depase revni maksimòm ki elijib pou benefis SSI daprè lwa federal. Men, yon ogmantasyon nan benefis SSI kap antre anvigè apre dat elijiblite benefis DRJE pa enkli nan revni disponib total.

Pou aplike pou DRIE, lokatè a nan yon lwaye kontwole Vil Nouyòk oswa lwaye apatman estabilize ka kontakte Sant Sèvis Sitwayen Vil Nouyòk lè 1 konpoze 311.

DRIE - Andeyò Vil Nouyòk

Biwo Administrasyon Lwaye (ORA) te notifye nan Konte Westchester, minisipalite Vil Mount Vernon, Vil White Plains, Vilaj Irvington, Vilaj Croton on Hudson, Vilaj Sleepy Hollow, Vilaj Ossining, Ferry Dobbs Greenburgh, Hastings on Hudson, New Rochelle, Yonkers ak Vil Rye te adopte DRIE. ORA te enfòme tou ke nan Konte Nassau, minisipalite Vil North Hempstead te adopte DRIE. Aplikasyon yo pou egzansyon DRIE fèt nan Divizyon Lojman ak Renouvelman Kominotè sou Sètifika Abatman Taks ak Aplikasyon SCRIE/DRIE Aplikasyon ak òdonans (Fòm DHCR RTP-13). Si w ap viv nan Konte Westchester, rele (914) 948-4434, pou jwenn yon fòm aplikasyon ak pou mande enfòmasyon

sou nivo kalifikasyon revni minisipalite w la. oswa pou pran yon randevou pou vizite biwo a. Pwopriyetè yo ap resevwa sètifikasi pou peman taks imobilye. Lè yon benefisyè aktyèlman kite kay la nan fason pèmanan, yon manm fanmi ki rete ka depoze yon aplikasyon transfè pou detèmine kontinyasyon elijiblite.

Yon benefisyè DRIE andeyò Vil Nouyòk gen dwa tou nan egzansyon ki annaprè yo:

Rediksyon lwaye pou konvèsyon elektrik te apwouve pa DHCR nan kontè endividyle (kontè dirèk oswa sou-kontè), daprè RCA 2014. Depans pou elektrisite rete enkli nan lwaye a jiskaske benefisyè DRIE kite pozisyon l. Mèt kay la toutfwa, gen otorizasyon pou enstale ekipman konvèsyon elektrik nan apatman an lè se yon benefisyè DRIE ki abite l.

Sèvis DHCR

Biwo Santral nan Biwo Administrasyon Lwaye nan Gertz Plaza, 92-31 Union Hall Street, Jamaica, NY ak nan Awondisman ak Biwo Lwaye Konte a se biling ki aksesib totalman, sa ki gen ladan etablisman saldeben. Anplwaye yo nan Biwo Lwaye yo disponib pou ede moun ki vizableman gen andikap avèk fòm ansanm avèk lòt materyèl ki enprime yo. Avèk notifikasyon avanse, anplwaye yo ka bay asistans tou pou lokatè ak pwopriyetè yo ki gen difikilte pou tandé, oswa pwoblèm mobilite grav. Si yon moun ki gen pwoblèm tandé se yon pati oswa yon temwen nan yon odyans devan Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominotè (DHCR), DHCR pral bay yon siyatè pou entèprete pwosedi yo.

Sous:

Seksyon nan Lwa sou Taks Byen Imobilye 467-b
Kòd Estabilizasyon Lwaye Vil Nouyòk, Seksyon 26-509

Pou plis enfòmasyon oswa asistans, ou ka vizite Biwo Lwaye Borough ou a.

Queens
92-31 Union Hall Street
6th Floor
Jamaica, NY 11433

Brooklyn
55 Hanson Place
6th Floor
Brooklyn, NY 11217

Upper Manhattan
163 W. 125th Street
5th Floor
New York, NY 10027

Lower Manhattan
25 Beaver Street
New York, NY 10004

Bronx
1 Fordham Plaza
4th Floor
Bronx, NY 10458

Westchester
75 South Broadway
3rd Floor
White Plains, NY 10601